

Obligasyon pou tout moun

Nan Kebèk, kondwi machin se yon privilèj, se pa yon dwa. Tout moun ki kondwi yon machin dwe satisfè kondisyon sante ak vizyon. Se yon obligasyon pou'w rapòte eta sante'w bay Société de l'assurance automobile du Québec (SAAQ):

- Lè ou mande pèmi;
- Lè ou renouvle pèmi'w;
- 30 jou apre nenpòt ki chanjman nan sante'w ki ta ka gen inpak sou kapasite'w pou kondwi.

Yon fo deklarasyon oswa yon move deklarasyon ka fe yo sispann pèmi'w oswa baw yon amann.



Resous

Société de l'assurance automobile du Québec (SAAQ)

Enfòmasyon jeneral sou dyabèt ak kondwit machin

saaq.gouv.qc.ca/securite-routiere/comportements/sante-conducteurs/conditions-medicales

Enfòmasyon sou kontwòl medikal ki obligatwa

saaq.gouv.qc.ca/permis-conduire/etat-sante-permis

Règlement sur les conditions d'accès à la conduite d'un véhicule routier relatives à la santé des conducteurs

legisquebec.gouv.qc.ca/fr/document/rc/C-24.2,%20r.%208



Fè tès la pou'w konn ki rekòmandasyon ki gen rapò ak kondwi machin ki aplikab pou sitiyasyon pa'w!

Ou gen kesyon sou dyabèt?

Service InfoDiabète

514 259-3422

1 800 361-3504

infodiabete@diabete.qc.ca

L'école du diabète




universi-d.com



diabete.qc.ca

Kondwi machin ak dyabèt

Sa ou dwe konnen



Patikalarite dyabèt yo

Dyabèt se yon kondisyon medikal ki ka afekte kondwi sekirite yon machin.

Rezon prensipal yo se risk ki asosye ak:

—

Ipoglisemi, sa vle di nivo sik nan san an ki ba anpil, anba 4 mmol/L, ak sentòm ki ka twouble vijilans ou ak vizyon'w (egzanp, etoudisman, feblès, konfizyon, pèdi konsyans).

—

Ipèglisemi, sa vle di ogmantasyon nivo sik nan san an, pi wo pase barèm nòmal la, ki gen sentòm ki ka twouble vijilans ou ak vizyon'w (egzanp, pèdi fokus, anvè dòmi, vizyon twouble).

—

Prezans komplikasyon, tankou pwoblèm nan je (retinopati) ak nan nè (newopati). Retinopati a ka afekte vizyon'w epi newopati a ka diminye sansibilite pye'w. Lè'w gen mwens sansasyon nan pye'w, ou ka gen difikilte pou ou deplase li pi rapid, si pa egzanp wap kondwi yon machin epi ou ta vle frennen rapid pou'w evite yon aksidan.

Kèk tretman pou dyabèt ki ka ogmante risk ipoglisemi. Kiyès nan yo ou genyen?

- "Mwen pran enjeksyon ensilin."
- "Mwen pran gliklazid (Diamicon^{MD} ak Diamicon^{MD}MR)."
- "Mwen pran glimepirid (Amaryl^{MD})."
- "Mwen pran glibirid (DiaBeta^{MD})."
- "Mwen pran repaglinid (GlucNorm^{MD})."

Si ou kwoche youn nan tretman sa yo, sa enpòtan pou ou pran prekosyon pou'w redwi risk ki asosye ak ipoglisemi epi kondwit machin:

- ✓ Gen yon aparèy pou mezire nivo sik nan san ou oswa pote yon sistèm pou'w kontinye swiv nivo glikoz ou (tankou FreeStyle Libre, Dexcom);
- ✓ Toujou gen glikoz rapid anba men'w sou wout la;
- ✓ Mezire nivo sik nan san ou anvan ou pran volan, omwen chak 4 èdtan sou wout la, epi si ou santi'w gen sentòm ipoglisemi;
- ✓ Mezire nivo sik nan san'w pi souvan lè'w gen faktè ki ka ogmante risk ipoglisemi ou, tankou yon aktivite fizik ki fèk pase oswa ou fèk manje, oswa ou pa manje, oswa ou manje pi ta.

Èske ou konnen?

Antanke moun kap viv avèk dyabèt, ou dwe **pase yon egzamen medikal omwen chak 2 lane.**

Ou gen obligasyon **rapòte bay SAAQ, anndan 30 jou, nenpòt epizòd ipoglisemi grav** ki te neseste èd yon lòt moun pou trete li oswa ki te lakòz ou pèdi konsyans.



Si rezilta glisemi'w lan pi piti pase 4,0 mmol/L, asire'w fè sa yo:

- Kanpe machin ou yon kote an sekirite.
- Trete ipoglisemi an:
 1. Pran 15 g glisid ki rapid, tankou:
 - 4 tablèt de Dex4^{MD}.
 - 150 ml (2/3 tas) kola nòmal, bwason ki fèt ak fwi, oswa ji fwi;
 2. Poze tann 15 minit.
 3. Mezire glisemi'w ankò:
 - Si rezilta a pi piti pase 4 mmol/L, refè tretman an ankò, suiv etap 1-2-3.
 - Si rezilta a se 4 mmol/L oswa pi plis epi ou prevwa manje nan plis pase 1 èdtan, pran yon ti kolasyon ki gen 15 g glisid ak yon sous pwoteyin tankou, 60 ml (1/4 tas) melanj nwa ak fwi sèk ou kite nan machin ou.
 - Tann 40 minit avan'w rebran volan an ankò apre'w fin verifye glisemi'w nan yon nivo ki sekirite, sa vle di, pi wo pase 5,0 mmol/L. Si ou fè sa, asire'w ou tounen gen vijilans nòmal epi ou diminye risk fè yon lòt epizòd ipoglisemi.

Si, okontrè ou gen ipèglisemi epi ou santi sentòm ki ka anpeche'w sèvi ak kapasite'w pou'w kondwi, kanpe machin ou epi pran aksyon ki neseste pou'w retounen kondwi an sekirite.

Kèk sitiyasyon, tankou kondwi yon machin komèsyal oswa yon istorik epizòd ipoglisemi grav ka modifye rekòmandasyon ki nan dokiman sa a.